



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK YANKEES AK NEW YORK METS
KAPAB DEMARE SEZON AN AK FANATIK NAN TRIBIN YO APATI 1 AVRIL**

Espò pwofesyonèl nan gwo estad deyò re-ouvri a 20 pousan kapasite; patisipan yo dwe montre prèv dènnye tès negatif oswa vaksinasyon; sit yo ak evènman yo sijè a konsèy Eta ki estrik

Sit espò rejyonal ki kenbe 1.500+ moun anndan oswa 2.500+ moun deyò kapab re-ouvri; kapasite limite a 10 pousan anndan ak 20 pousan deyò

Gwo sit pèfòmans atistik deyò yo ki kenbe plis pase 2,500 moun ka re-ouvri a 20 pousan kapasite

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke ekip Lig Bezbòl Majè (Major League Baseball, MLB) New York yo, New York Mets ak New York Yankees, kapab rekòmanes jwe ak espektatè nan estad yo, apati 1 avril. Yo pral pèmèt espò pwofesyonèl nan gwo estad deyò yo ki kenbe 10,000 moun oswa plis re-ouvri nan 20 pousan kapasite. Patisipan yo dwe montre prèv yon tès negatif resan oswa seri vaksinasyon konplete anvan yo antre epi yo sijè a konsèy eta ki estrik sou kouvèti vizaj, distans sosyal, ak depistaj sante. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York pral re-evalye kondisyon tès ak vaksinasyon yo nan mwa me a, epi si sitiyasyon sante piblik la kontinye amelyore, yo ka sispann nan mitan mwa me a. Yo pral kontinye administre vaksinasyon nan Yankee Stadium ak Citi Field pandan sezon MLB a.

Lè li apiye sou dènnye ouvèti gwo estad espò pwofesyonèl yo, Gouvènè a te anonse tou sal espò rejyonal ki pi piti ki kenbe 1,500 moun anndan oswa 2,500 moun deyò kapab re-ouvri tou, apati 1 avril. Kapasite inisyèl la pral limite a 10 pousan anndan ak 20 pousan deyò. Patisipan yo dwe montre prèv yon tès negatif resan oswa seri vaksinasyon konplete anvan yo antre epi yo sijè a konsèy eta ki estrik sou kouvèti vizaj, distans sosyal, ak depistaj sante.

Gouvènè Cuomo te anonse tou gwo sit pèfòmans atistik deyò yo, ki gen ladan estad yo, ki kenbe plis pase 2,500 moun ka re-ouvri a 20 pousan kapasite, apati 1 avril. Kapasite sit yo pral kontinye ogmante pandan sitiyasyon sante piblik la ap amelyore epi pandan ke gen plis Nouyòkè k ap resevwa vaksinasyon ak mwens ka COVID-19 nan kominote a. Patisipan yo dwe montre prèv yon tès negatif resan oswa seri

vaksinasyon konplete anvan yo antre epi yo sijè a konsèy eta ki estrik sou kouvèti vizaj, distans sosyal, ak depistaj sante.

"Nouyòkè yo renmen sipòte ekip lokal la, e li te espesyalman difisil pou wè gwo ekip espò pwofesyonèl yo fèmen pandan nou t ap aplike restriksyon ki nesèsè pou pwoteje sante piblik la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan sitiyasyon COVID New York la ap amelyore, n ap bay Nouyòkè yo opòtinite pou aplodi Yankees yo ak Mets yo an pèsòn toutotan yo rete an sekirite. Mwen pa ka tann pou wè ekip nou yo ke nou renmen anpil yo ouvri Citi Field ak Yankee Stadium ankò pandan nou ap kontinye retabli anba pandemi sa a."

Pou re-ouvri espò pwofesyonèl ak espektatè nan gwo estad deyò, chak sit dwe konfòme yo avèk pwotokòl sante ak sekirite estrik yo, ki gen ladan:

- Jwenn apwobasyon DOH NYS pou TOUT sit ak evènman yo
- Enstitiye yon limit kapasite ki se 20 pousan
- Asire espektatè ak anplwaye evènman yo ki ap fè fas ak piblik la prezante prèv yon rezilta tè COVID-19 negatif ki resan oswa prèv vaksinasyon anvan evènman an
- Òdone kouvèti pou figi, distans sosyal, ak verifikasyon tanperati pou tout sila yo ki ap patisipe
- Òdone kote pou moun chita ki asiye epi ki respekte distans sosyal
- Kolekte enfòmasyon kontak nan men tout sila yo ki ap patisipe pou ede bay enfòmasyon pou efò trasaj kontak yo
- Satisfè nòm amelyore yo pou filtrasyon lè, vantilasyon ak pirifikasyon pou nenpòt ki zòn alenteryè
- Asire vant an detay, sèvis alimantè ak aktivite atletik yo respekte tout direktiv Eta a pibliye

"Nou reyèlman kontan pou sezon k ap vini an ak akeyi mechè fanatik yo ankò nan bezbòl la - yon fason ki san danje - nan Citi Field", **Pwopriyetè Mets la, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Steve Cohen, te deklare.** "Nou remèsye Gouvènè Cuomo ak Depatman Sante eta a pou efò yo nan etap enpòtan sa a nan rekipasyon New York anba COVID e nou espere kontinye travay avèk yo jan restriksyon sou kapasite ak kondisyon tè yo fasilite nan mwa kap vini yo - pou pèmèt plis fanatik nan mezi ki posib pou yo pase yon gwo moman an sekirite avèk nou".

"Tout òganizasyon Yankees la — e sitou jwè nou yo sou teren an — nourri ak enèji ke fanatik fidèl ak devwe nou yo pote nan Yankee Stadium lan", **Hal Steinbrenner, Asosye Kòmandite Jesyon Yankees, te deklare.** "Fanatik nou yo fè lakay nou an tounen yon atraksyon dominan atravè lemond, epi eksitasyon yo se katalis pou objektif chanpyona ke nou etabli chak sezon. Nou kontan anpil pou kapab fè yo tounen an 2021 epi nou pwomès yo nòm ki pi wo pou sante ak sekirite sezon sa a ak odela. Desizyon Gouvènè a fè kè nou kontan paske li pèmèt nou kòmanse sezon an nan Yankee Stadium ak yon kapasite 20% epi ofri apresyasyon pwofon nou pou travay dilijan ak konsèy biwo li a. Sa a pral yon ane trè espesyal nan Bronx la, epi n ap kontinye travay ansanm avèk Eta New York, Majistra Bill de Blasio ak Vil New York,

Major League Baseball, ak lòt ekspè nan sante ak sekirite pou itilize pi bon pratik ki pi responsab nan etablisman nou an. Nou konplètman angaje pou bay yon eksperyans klas mondyal nan Yankee Stadium nan tout respè".

Nan dat 10 fevriye, Gouvènè Cuomo te anonse ke, sou baz pwogram pilòt reyisi Buffalo Bills la, [evènman espòtif ak amizman yo nan gwo stad yo ak arèn yo](#) ki gen yon kapasite 10,000 oswa plis moun kapab re-ouvri avèk yon kantite espektatè limite, apati 23 fevriye. Anons jodi a reflekte yon limit kapasite ogmante ki soti 10 rive nan 20 pousan pou gwo sit deyò yo ki ka òganize evènman espòtif pwofesyonèl oswa divètisman andirèk, apati 1 avril.

3 mas la, Gouvènè Cuomo te anonse ke [pèfòmans atistik ak divètisman andirèk nan yon echèl ki pi piti](#) kapab rekòmanse nan sit evènman yo ak yon kapasite 33 pousan, jiska 100 moun anndan ak jiska 200 moun deyò, apati 2 avril. Si tout patisipan yo prezante prèv tès COVID 19 negatif oswa vaksinasyon resan anvan yo antre, kapasite a ka ogmante jiska 150 moun anndan an ak jiska 500 moun deyò. Anons jodi a re-ouvri pi gwo sant atistik deyò yo ki pèmèt jiska 20 pousan kapasite total nan gwo sit divètisman yo pou konsè ak lòt gwo pèfòmans.

###

Lòt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)